# *Авар адабият 9 кл.*

**Тема:** Мух1амад Ах1мадов " Дие бокьун буго".
**Дарсил мурад**: Дагъистаналъул шаг1ир, хъвадарухъабазул союзалъул председатель, Мух1амад Ах1мадовасул творчествоялъулгун лъималазул лъай- хъвай гьаби.
Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби, чвахун ц1али мух1кан гьаби, коч1олаб кала-малде рокьи ц1ик1к1инаби; коч1ол мац1алъул берцинлъи, пасих1лъи бати.
М.Ах1мадовасул куч1дузул кумекалдалъун лъималазул рокьи бижизаби эбелалде, инсанасул бищун к1удияб талих1 эбел йик1ин бич1ч1изаби, гьелъул адаб-х1урмат гьабизе ккей бич1ч1изаби.
Г1адатаб анализалъул кумекалдалъун ц1алдохъабазул логикияб пикру цебе-т1езаби.
**Дарсил алат:** Поэтасул суратазул буклет; т1ахьал, суратал, компьютер.

**Дарсил ин.**

**1. Класс дарсиде х1адур гьаби.**
**2.Муг1алималъул цебераг1и.**
Г1агараб рахьдал мац1, дир маг1арул мац1,
Дир рек1елъ бессараб, бидулъ бетараб,
Дицаги кьела мун дирго дарсазда,
Дир ц1алдохъабазе ма босейилан.

Гьаб мац1 дие кьуна маг1арулаца
Маг1арул намусгун, бечедаб ирслъун.
Бац1ц1адго ц1уне гьеб, бечед гьабе гьеб,
Гьеб мац1алъ ц1алейин х1асратал куч1дул.

**Учитель:** Дун йиго Гумбет районалъул Т1адинхо Г1алих1ажил ц1аралда бугеб гьоркьохъеб шко-лалъул авар мац1алъул ва адабияталъул муг1алим Мух1амат1аминова Сакинат Х1айбулаевна.

Лъимал нужеца ц1акъ х1аракат бахъе жакъа дарсида нужерго пикру загьир гьабизе.
Нилъеца гьабсаг1ат такрар гьабизе буго цересел дарсазда малъараб.

3. **Тестал:**

1."Хваразул ц1аралдаса" абураб поэма хъварав автор:
1.Р.Х1амзатов.
2.Г1абдулмажид Хачалов.
3.Машидат Гъайирбекова.

2.Щиб махщалил г1адан кколей Багъатарил"Севералда бугеб дир милъирщо" абураб асаралдасан Лидия.
1.Муг1алим.
2.Тохтур.
3.Художник.

3.Фазу Г1алиевалъул"Кини" ккола:
1.Къиса.
2.Хабар .
3.Поэма.

4.Расул Х1амзатов кида гьавурав ва хварав?
1.1877-1951
2.1923-2003
3.1934-2004

**4.Гьал суратал кинал литературиял асараздасан.**
а)Кини б)Милъирщаби

**5. Творческияб х1алт1и:**

1.Бухари т1агъраде т1аде къо ккедал,
Хириял васаца хвалчен борхидал,
Рачел къана нилъер къвак1арал ясаз,
Пурцил г1оркьал ккуна муг1рул руччабаз.

Гьал коч1ол мухъал щиб коч1олъан? Гьелъул автор щив лъимал?
*Авторалъе щиб абизе бокьун бугеб?*

**6. Литературияб викторина:**

1.Щиб асаралдаса росарал гьал мухъал?

1.Гьеб сордоялъ нижер рокъоб т1убараб берталъ г1адаб рохел бук1ана. Г1ага-божаралцин рач1ана рик1к1адасан гьоболалда ц1ехолдизе, лъик1 щвараян гьелъие гьимизе.
а)Багъатар"Севералда бугеб дир милъирщо".
б)Ф.Бахшиев "Минаялда т1ад бомба"
в)А.Абубакар"Даргиязул ясал".

2.Ихдалил хинаб къо бук1ана, Ахирисеб ц1урмил сас росдада т1адго т1ибит1ана, Г1абас т1адеги вахъун, нахъеги х1еренго, жанисеб ч1ух1игун, ц1алдохъабазухъ валагьана.
а)Фазу Г1алиева"Кини".
б)Г1арип Расулов "Хазина".
в) Р.Х1амзатов "Дир Дагъистан".

3."Лъаларо, Мух1амад , цогидазул иш,
Амма дица дирго рахъалъ абила,
Метер маг1арул мац1 хвезе батани,
Хваги дун жакъаго жаниб рак1 кьвагьун.
а) Г!.Хачалов "Хваразул ц1аралдаса".
б) М.Гъайирбекова"Эбелалъул рак1".
в) Р.Х1амзатов"Авар мац1".

**7. Ц1ияб дарс бицин.**

1.Лъимал гьалеха нилъеца арал дарсазда малъараб такрар гьабуна. Ц1акъ лъик1 лъалеб буго.Дун нужедаса разилъана .Гьанже нилъеца ц1ияб дарсалъулгун лъай-хъвай гьабизе буго.Ц1але лъимал дарсил тема ва эпиграф. Гьаб эпиграф лъил х1акъалъулъ бугеб лъимал.Жакъа нилъецаги дарсида бицине буго эбелалъул х1акъалъулъ.Рач1аха х1ал бихьилин лъалев вугищ нужеда Мух1амад Ах1мадов.

а) Щив кколев, лъимал , Мух1амад Ах1мадов?
б) Гьесул кинал асарал нужеца ц1аларал? гьалеха , лъимал, гьесул т1ахьал.Жеги г1езег1ан т1ахьал руго лъимал гьесул.

Гьанже г1енекккe лъимал, шаг1ирасул творчествоялъулгун лъай-хъвай гьабизе.
(Биография бицине)

Гьесул т1оцебесеб кеч1 ккола , лъимал ,14 сон бугеб мехалъ ,гьес Хъах1аб росулъа Мах1мудиде гьабураб кеч1"Холеб буго муг1рул чан". Гьабсаг1ат нилъ г1енеккила гьеб коч1охъ.
Щайдай лъимал кидаго берцинлъиги, гьунарги гуллиде гъоркье кколеб?
(Г1адамазул цоцалъ бугеб жах1даялъ, х1алихьалъиялъ,к1игьумерчилъиялъ).М.Ах1мадовасул гьеб кеч1алъ г1адамазул рак1ал асир гьаруна. Жакъаги гьеб кеч1 коч1охъабаз ах1ула.
Гьаб кеч1 ах1улев коч1охъан щив лъимал?Исанасеб сон культураялъул сонлъун гьабун бук1ин нилъеда лъала.Нилъеда к1очене бегьуларо нилъерго цереселги гьанжеселги шаг1иралги, гьезул куч1дул ах1улел коч1охъабиги.

**9.Буклет бихьизе гьабила.**

**10. Словарияб х1алт1и.**
Гьенир нилъеда дандч1вала цо-цо рич1ч1уларел раг1аби нилъеда.Гьале гьел раг1аби.
Росдал свераби - перекрестки села.
Гьурмалъ пархун-мелькнуло на лице.
Парахалъи-спокойствие
х1алхьи рещт1ине-успокоиться

**11.Кеч1 муг1алималъ ц1алила**.
Гьале, лъимал, М.Ах1. кеч1.Г1енекке ц1ализе.

Дие бокьун буго,
Рик1к1адаса щун,
Рук1к1унеб мехалда
Рокъов вуссине:
Свакарал пикраби,
Каранлъа роржун,
Росдал сверабазде
Данде руссине;

Херлъи лъалеб гьими
Гьурмалъги пархун,
Пакъиралъ рохалилъ
Дир ц1ар щурила,
Щолеб гьеч1ин дуе
Дуниялалда
Дир рак1алъе х1алхьи
Кьезе дир васин.

Гордазухъ рек1арал
Рак1ал кинигин,
Киналго чирахъал
Дие къалъизе;
Къирулеб нуц1ица
Т1урк1изаюлей
Дирго эбелалда
Данде вач1ине.

Дие бокьун буго,
Рик1к1адаса щун,
Рук1к1унеб мехалда
Рокъов вуссине;
Свакарал пикраби
Парахалъизе,
Эбелалъул рек1елъ
Х1алхьи рещт1ине.

**12. Кеч1 ц1ализе лъимал т1амила**
Рагье лъимал т1ахьал.Ц1але кеч1.

**13. Рач1аха лъимал гьаб коч1ол тема ва идея батизе.**

а) Кинаб темаялда хъван бугеб, лъимал,кеч1? (Эбелалде бугеб рокьи, эбелалъухъ урхъи)
б) Авторасе щиб загьир гьабизе бокьун бугеб?
-Бит1ун буго,лъимал.Эбелалдаса рик1к1алъараб мехалъ, лъалин нилъеего эбел йокьулеб куц, эбелалъухъ бугеб урхъи,г1ищкъу,ч1алг1ен,эбелалдехун бугеб адаб загьир гьабулеб буго авторас.
-Щай автор рук1к1унеб мехалъ вач1унев рокъове?
-Щай гурелъул г1адамал марк1ач1улъ, рук1к1индал руссунелъул рокъоре х1алт1удасан. Эбелги кидаго х1алт1ула йик1уна, хурий, ахикь.Эбел рокъое юссараб, гьей г1одое йиччараб, лъицаниги дандч1ваялъе квал-квал гьабулареб заман т1аса бищун буго авторас.
-Нуц1а къирулеб мехалъ эбел щай т1урк1улей, лъимал?
-Гьаб заман буго, лъимал, ц1акъ зах1матаб, х1инкъи ц1ик1к1араб. Эбел,гьей кидаго йик1уна лъималазул ургъалида, рак1 гьелъул бук1уна х1инкъун, жиндир лъимералъе щиб бугониги

ккелилан.Гьелъ т1урк1изаюла эбел, квешаб хабар бугодаян.Гьаб коч1олъ авторас эбел йохун т1урк1улей йик1ин бихьизе гьабулеб буго,вас вач1ин гьеб буго , лъимал,эбелалъе рохел.

-Щай авторас абула бугеб"Пакъиралъ рохалилъ дир ц1ар щурулин"абун?
-Маг1арул ч1ужуг1адан- эбел ц1акъ сабурай, г1одое йиччарай г1адан йик1ин бихьизе гьабулеб буго авторас.Къварилъи бач1аниги, рохел бач1аниги гьей хисуларо, ах1и-х1уралда гьелъ жиндирго рек1ел х1ал загьир гьабуларо,гьелъ кинабго киназдасаго рек1елъ бахчула.
Коч1ол ахиралда авторасул кинаб анищ,мурад бугеб? Рач1а гьел мухъал ц1ализе.

Киназго цадахъ ц1ализе.
Свакарал пикраби
Парахалъизе,
Эбелалъул рек1елъ,
Х1алхьи рещт1ине.
**14** . Рач1а гьанже авторасухъ г1енеккизе.
Лъил х1акъалъулъ лъимал гьаб кеч1 бугеб?Гьебги буго эбелалъул х1акъалъулъ.Эбел унго гьеб раг1иялъул к1одолъи, т1адег1анлъи.Рач1аха киназго цадахъ геб раг1и абизе-ЭБЕЛ.Х1икматаб раг1и.Жибго къокъаб бугониги, къуват к1удияб.

**15.Релаксация.**Лъимал, нуж свакаралищ? Рач1аха, цо дагьаб беразеги нилъеегоги х1алхьи гьабизе.

**15. Кеч1алда т1ад х1алт1и.**
(цо куплет доскаялда:)

Дие бокьун буго
Рик1к1адасан щун,
Рук1к1унеб мехалда
Рокъов вуссине.

а) Гьаниб жаниб аллитерация бате.
б) Коч1ол роцен ч1езабе.

Гордазухъ рек1арал
Рак1ал киниги,
Киналго чирахъал
Дие къалъизе.

в) Гьаниб жаниб метарофа бате

**16. Г1урус литератураялъулгун бухьен:**
"рек1арал рак1ал " абураб мухъ ц1алулаго нужеда г1урус литератураялдаса щиб асар рак1алде бач1араб ?(М.горькиясул"Данко".)
Лъие г1оло Данкол рак1 ц1а рек1ун кунч1араб?(Халкъалъе, жиндирго къавмалъе г1оло.)

-Нужеда ц1акъ лъик1 бич1ч1ун буго дарс. Гьанже г1енеккила нилъ живго авторасухъ.

**17.Авар мац1алъулгун бухьен:**
Херлъи лъалеб гьими
Гьурмалъги пархун,
Пакъиралъ рохалилъ
Дир ц1ар щурила.
Щолеб гьеч1ин дуе
Дуниялалда
Дир рак1алъе х1алхьи
Кьезе, дир васин.

а)Гъоркь х1ущ ц1арал раг1абазе синонимал рате.
пакъир-
х1алхьи-
рохел-
б) Гьал раг1абазе антонимал рате:
херлъи-
дуниял-
рохел-

в)Т1оцебесеб куплеталъулъ бугеб предложение щиблъун т1аджубараб бугеб?

**19. Творческияб х1алт1и"Дандияб балагьи".**
Эбелалде бугеб рокьи нилъеда батула халкъиял биценазулъги,кицабазулъги.Нужедаги лъалел ратила эбелалъул х1акъалъулъ кицаби.Гьаниб жаниб буго халкъияб хазина эбелалъул х1акъалъулъ кицаби.
1. Эбел-инсул рак1 лъималазда, лъималазул рак1 гьаваялда.
2. Эбел-инсул адаб тарав,халкъалъе басралъула.
3. Эбел-эмен разияб лъимер, лъуг1и гьеч1еб хазина
.4. Эбел-инсул адаб гьеч1ев жужах1алъул т1инде рехула.
5. Эбел рак1-рак1алъ г1одулей,хут1арал ххвалие г1одулел.
6. Лъималазе алжан эбелалъул х1ат1икь.
7. Эбелалъухъ г1енеккуларев, Ват1аналъеги мут1иг1лъуларев.
8. Эбел всасул чохьохъ ялагьулей, ч1ужу кверахъ балагьулей.

Гьел гурелги нилъер кицаби г1емерал руго.Щибаб кициялъ нилъее г1акълуги лъайги кьола.

Расул Х1 г1емерал руго эбулалъур х1акъалъулъ хъварал куч1дул.Рач1аха рак1алде щвезабилин нилъеца цебехун ц1алун бук1араб гьесул кеч1.

**20.Гьаб коч1олъ гьоркьор риччарал раг1аби хъвай.**

Эбел, к1очонаро ----------- мехалъ,
Дун --------- кват1игун,кидаго -------------,
Горт1а лъун толаан ---------- чирахъ.
Ва къирун толаан къач1ого ------------.

Вач1унаан -------- ,кьижулаан дун,
Кьурулаан дуца ---------- чирахъ.
Ялагьулаан ---------- къан бугищ нуц1а,
Къулулаан т1аде,-----------, васин.

(къват1ив, бахараб, гьит1инаб, дуца, нуц1а, мун, рокъов,сордо лъик1, г1одобе.)
а) Гьал куплетал кинаб коч1олъан росарал?
б)Гьелъул автор щив, лъимал?
в) Лъиде гьабураб кеч1 лъимал, гьеб?
г)Щай лъимал, эбел вас вач1инег1ан кьижуларей?


21. Эбелалъул х1акъалъулъ кеч1 гьабич1ев шаг1ир,къалмил устар цониги ватиларо дунялалдаго.Дагъистаналъул хъвадарухъабазги шаг1ирзабазги гьаруна куч1дул эбелалъул х1алимлъиялъул,лъималазде бугеб рокьиялъул къуваталъул х1акъалъулъ.Р.Х1амзатов "Эбелалде", М.Гъайирбековалъул "Эбелалъул рак1",Ф.Г1алиева"Эбелалде,"Ж.Х1асановасул "Эбелалъул кверал".Эбел гьеб раг1ул гьуинлъи,гьайбатлъи. Цо-цо мехалъ рак1алде ккола эбел йик1инч1ейани , щибдай нилъеца гьабилаанилан.Эбел йиго нилъер т1олго г1умруялъул байбихьи, лъимадул т1оцебесеб раг1и, ва г1адамасул ахирисеб раг1и.(буклет бихьизабизе)

**22. Хирамух1амад Хирамух1амадовас эбелалде кеч1 ц1ализе.(проектор)**

**23. Сценка"Эбелалъул рокьи".**

Гьанже, лъимал, нилъеца х1азе буго цо гьит1инаб сценка,лъималазде эбелалъул бугеб рокьиялъул . Гьеб рокьиялъул цо гьит1инаб кесек ракьалде рехани , т1олго дунялго т1угьдузул ц1елаан, къварилъи, пашманлъи т1аса инаан.

Эбелалъул рак1- гьеб буго божи, рокьи, гьари, дуг1а,рохел, къварилъи,пашманлъи.Кинабго гьеб жанибе бачуна букъараб зар г1анаб эбелалъул рак1алъ.Нилъ киналго, рохел бугониги, къварилъи-зах1малъи бугониги т1оцере лъихъе рекерулел, лъимал? Бит1ун буго эбелалъухъе.Эбелалъ бац1ц1уна нилъер маг1у, нилъер кинабго къварилъи,ургъел босула жиндирго рек1елъе. Нилъеда т1адаб буго эбелалъул адаб гьабизе,гьей ц1унизе.

**24. Дарс щула гьаби:**

1.Нилъеца жакъа ц1алараб М.Ах1мадовасул кеч1алде ц1ар щиб лъимал?
2.Кинаб анищ гьес загьир гьабула бугеб? (Эбелалъухъе рокъове т1ад вуссине бугеб анищ)
3.Гьеб кеч1алдаса кинал мухъал нужее бищунго рокьарал?
4.Авторасул ц1алиялъухъ г1енеккизе.
5.Жакъа нилъеца ц1аларал куч1дузулъ, кицабазулъ биценазулъ эбел кинайлъун йихьизе гьаюла йигей ?
6.Гьаб дарсил кинаб бут1аялъ нужее бищунго асар гьабураб?
7.Нужер эбелалдехун бугеб рокьи, адаб ц1ик1к1анищ лъимал?

**25.Раг1икъот1.**

Лъимал, нилъеца гьабсаг1ат гьаб раг1икъот1 ц1езабизе буго.Нужеца гьеб бит1ун ц1езабуни, т1аса гъоркье т1оцебесеб клеткабазда жаниб нилъеца малъарав шаг1ирасул ц1ар бач1уна.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | |
| 2 | | | | |
| 3 | | | | |
| 4 | | | | |
| 5 | | | | |
| 6 | | | | |
| 7 | | | | |

1.Ц1акъ къиматаб маг1дан(месед)
2.Унтарасда гьабула...(укол)
3.Х1ежалде арав чиясе щолеб ц1ар (х1ажи)
4.Росдал цо бут1а (авал).
5.Т1охде рахине къвариг1уна (мали)
6.Пихъил гъут1би г1емераб бак1 (ах)
7.Школалда учителас кьола (дарс)

**26.Калам цебет1езаби.**

Лъимал жакъа нилъеца бицана эбелалъул х1акъалъулъ, гьей йокьизе ккеялъул.Эбелг1ан хирияб жо нилъер гьеч1о. Дица нужее карточкаби кьезе руго.Нужеца гьел карточкабазда кеч1 бажарарас кеч1, кеч1 гьабун бажарич1ес цо гьит1инаб барки гьабизе буго эбелалде,гьей нилъеего йокьулеб куцалъул х1акъалъулъ.

**27. Къиматал лъезе.**

Гьалеха, лъимал, ахиралде щвана нилъер дарс. Гьал т1угьдузда ругел суалазе жавабал хъвай.Гьелъ бицина нилъеда бокьарабищ нужее дарс ,щварабищ нужее пайда.Къиматалги лъе нужецаго.

**28. Лъималазде хит1аб.**

Дие бокьун буго гьаб дарсил ахиралда нужедехун хит1аб гьабизе.

Мац1 к1очараб миллат молода лъола
Молодул г1оркь кквезе чи хут1уларо
Хут1араб кинабго гьадингояб жо
Гьардарав бет1ергьан ц1уне авар мац1.

Т1оцебе рахьдал мац1 нижей бицарай,
Нижер улбул ц1уне хирияв аллагь.
Нилъей г1оло г1умру майилан кьолей
Лъимал, к1очон тоге нужеда эбел.

Исана 2014 сон буго культураялъул сон.Нилъеца к1вар кьезе ккола нилъерго цебесеб умумузул культура лъазабизе. Гьеб нилъеда к1очене бегьуларо.Нилъер к1удияв шаг1ир Р.Х1амзатовас абун буго гьадинал раг1аби «Нилъеца аралда туманк1 реч1ч1ани,бач1унелъ нилъеда г1арада реч1ч1ула».
Гьабсаг1ат нилъ балагьила нилъер улбуз цебе рет1унеб бук1араб миллияб рет1елалъухъ.
Гьанже балагьила гьез х1алт1изарулел рук1арал т1аг1елазухъ